

Lè wap chèche lojman.

Konsève enfòmasyon sa yo:

- Tout dat ak lè kontak yo
- Non moun nan ak/oswa konpayi ou te pale avè l la
- Adrès pwopriyete a, sa ki gen ladan nimewo apatman w lan
- Enfòmasyon sou tout apatman yo ofri w
- Detay sou nenpòt pawòl yo te di w ki gen rapò ak klas pwoteje ou ye a (sètadi, kesyon sou laj pitit ou oswa sous revni w)

SONJE: konsève tout Imèl ak mesaj tèks ou te voye oswa ou te resevwa nan men yon founisè lojman!

Aksè ak lojman san patipri se dwa w!

SouthCoast Fair Housing, Inc. (SCFH) travay pou elimine diskriminasyon nan domèn lojman epi ede devlope kominote ki aksesib ak tout moun nan tout Rhode Island ak nan sidès Massachusetts. SCFH bay edikasyon nan kesyon lojman pou tout moun, fè sansibilizasyon, defans, ak aktivite ranfòsman pou n asire tout moun gen menm opòtinite nan kesyon lojman.

Si w kontakte SCFH pou pote plent, nou ka:

- Fè yon entèvyou pou n jwenn enfòmasyon yo
- Fè ankèt sou plent ou an
- Egzamine rezilta ankèt la avè w epi diskite sou opsyon w yo
- Ede w pote yon plent
- Ofri avoka pou viktim diskriminasyon nan kesyon lojman

Pou plis enfòmasyon, pou pran randevou pou yon fòmasyon lojman pou tout moun, oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, rele (774) 473-9994 oswa (401) 285-2550, vizite southcoastfairhousing.org oswa voye yon imèl nan info@southcoastfairhousing.org.



Pou plis enfòmasyon oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, kontakte:

SouthCoast Fair Housing

257 Union Street
New Bedford, MA 02740
(774) 473-9994

1005 Main Street, Suite 1210
Pawtucket, RI 02860
(401) 285-2550

SouthCoastFairHousing.org

Pou w kontakte nou pa mwayen TTY, lè w sèvi avèk TTY w la rele 711, rele MassRelay nan 800-439-2370 (oswa 1-866-930-9252 pou espanyòl), oswa rele Rhode Island Relay nan 1-800-745-5555 (oswa 1-866-355-9214 pou espanyòl) epi bay nimewo telefòn nou an.

Travay ki te baz pou piblikasyon sa a te jwenn yon sibvansyon Etazini.

Depatman lojman ak devlopman kominotè. Kontni ak rezilta travay la se pou piblik la. Sèl responsablite moun ki ekri l la ak moun ki pibliye l la se se veye presizyon nan deklarasyon yo ak entèpretasyon ki nan piblikasyon sa a. Entèpretasyon sa yo pa nesèsman reflète opinyon gouvènman federal la.



**LOJMAN SAN PATIPRI POU
MOUN KI GEN ÈD LETA
OSWA BON POU LOJMAN**

SA LALWA ENTÈDI

Lwa federal sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan tranzaksyon ki gen rapò ak lojman akoz ras, koulè, relijyon, peyi kote w soti, sèks, andikap oswa sityasyon famiyal (si gen timoun minè oswa fi ansent).

Lwa nan Massachusetts ak Rhode Island sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan kesyon lojman sou baz lòt klas ki pwoteje sa yo:

laj • estati veteran oswa militè • oryantasyon seksyèl • idantite seksyèl • eta sivil • resevwa èd leta * (pa egzant, kupon pou manje) • itilizasyon sibvansyon lojman* (pa egzant, Seksyon 8) • jenetik* • estati kòm viktim vyolans domestik):

* Massachusetts sèlman • t Rhode Island sèlman

Lwa lojman san patipri yo aplike nan yon pakèt tranzaksyon lojman, sa ki gen ladan lokasyon, vant, prè pou kesyon imobilye, evalyasyon ak asirans pwopriyete. Pwopriyete, ajan imobilye, moun ki bay prè yo, konpayi asirans, ak blòk apatman yo (kondominyòm), koperativ ak asosiyasyon pwopriyete kay yo pa dwe fè diskriminasyon paske yon moun fè pati yon klas ki pwoteje.

Èske lwa lojman san patipri a entèdi diskriminasyon kont moun ki resevwa èd leta oswa ki itilize yon bon lojman?

Sa depan. Lwa lojman Massachusetts ki entèdi diskriminasyon nan kesyon lojman akoz yon moun resevwa èd leta oswa li itilize yon bon lojman. Li entèdi pou yon founisè lojman nan Massachusetts refize yon lokatè ki gen yon bon lojman paske founisè lojman an pa vle konfòme l ak egzijans pwogram bon an.

Ni lwa lojman pou tout moun leta federal ni lwa Rhode Island entèdi yon fason klè aktivite sa a.

Sepandan, lwa lojman pou tout moun leta federal ak eta a entèdi founisè lojman yo trete itilizatè bon lojman yo yon fason diferan si diferans nan tretman gen enpak sou manm yon klas pwoteje. Pou egzant, si pi gwo pousantaj nan itilizatè bon lojman yo nan yon rejyon ki gen moun nwa, lè sa a si yo refize lwe kay bay yon moun k ap itilize bon yo sa ka gen yon gwo enpak negatif sou moun ki nwa yo. Sa vyole entèdiksyon kont diskriminasyon sou baz ras, koulè, oswa peyi yon moun soti.

Eske sa vle di mèt yon kay dwe lwe oswa pa ka degèpi nenpòt fanmi ki resevwa èd leta?

Non. Yon founisè lojman gen dwa pou l refize aplikasyon pou lokasyon oswa degèpi lokatè sou baz bonjan rezon, tankou repitasyon move lokatè oswa kapasite pou moun nan peye lwaye a (lè w ap pran an konsiderasyon tout revni oswa avantaj yon aplikan benefisyè). Yon founisè lojman ta dwe etabli kritè kalifikasyon yo epi aplike yo menm jan an pou chak fanmi.

Èske yon mèt kay ka aksepte yon bon lojman nan men kèk moun, men li pa aksepte nan men kèk lòt?

Sa depan. Yon mèt kay pa ka trete aplikan yo yon fason diferan akòz yo se manm yon klas ki pwoteje jan lwa federal ak lwa eta yo konsènan lojman sanpatipri yo defini sa. Pa egzant, yon mèt kay pa ka aksepte bon lojman sèlman nan men aplikan ki blan. Se t ap diskriminasyon sou baz ras.

Ki aksyon lwa lojman san patipri yo entèdi?

Lwa lojman san patipri yo entèdi aksyon tankou refize yon moun lojman, limite aksè ak lojman, dekouraje moun k ap chèche kay, fè oswa pibliye deklarasyon ki gen diskriminasyon, oswa kreye règ ki diferan, mete frè oswa kritè akoz yon moun se manm yon klas pwoteje.



KÈK BAGAY KI KA SANBLE DISKRIMINASYON:

- Ou wè yon reklam ki di "Pa gen seksyon 8" pou yon apatman nan Massachusetts. (Pa aplikab nan RI).
- Yon founisè lojman di w montan lwaye a pi wo apre yo fin aprann ou gen pitit.
- Yon founisè lojman refize aksepte bon w lan paske li mande pou yo retire plon nan apatman yo akòz prezans timoun ki poko gen 6 zan fanmi w.
- Yo di w apatman an pa disponib ankò apre w fin fè yon vizit an pèsòn.